

**PRESUPOSISI WONTEN ING SALEBETIPUN NOVEL  
SRIKANDI EDAN TENAN ANGGITANIPUN SOEDHARMA KD  
(KAJIAN PRAGMATIK)**

**Firda Novia Lita  
09205244024**

**Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kange ngrembag *presuposisi* wonten ing salebetipun *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD, mliginipun *presuposisi* saking *kajian pragmatik*. *Presuposisi* wonten ing *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD, badhe kaandharaken jinisipun *presuposisi* saha wujud titikanipun *presuposisi*. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Jinisipun *presuposisi* ingkang dipunpanggihaken saking panaliten wonten enem inggil menika: (1) *presuposisi eksistensial*; (2) *presuposisi faktif*; (3) *presuposisi leksikal*; (4) *presuposisi struktural*; (5) *presuposisi non faktif*; (6) *presuposisi konterfaktual*. Saben jinis *presuposisi* gadhah wujud titikan ingkang beda-beda, inggil menika: (1) *presuposisi eksistensial* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (2) *presuposisi faktif* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung saha *frasa*, (3) *presuposisi leksikal* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (4) *presuposisi non-faktif* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (5) *presuposisi struktural* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung saha ukara, (6) *presuposisi konterfaktual* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi *klausa*.

**Pamijining tembung: *presuposisi*, *novel* Srikandi Edan Tenan**

**Abstract**

The purpose of this study discusses the preposition in the novel Srikandi Edan Tenan posts Soedharma KD, particularly pragmatic presupposition. Presupposition in the novel Srikandi Edan Tenan posts Soedharma KD will be discussed on the type of the presuppositions and the presuppositions marker form. This research was descriptive. Presupposition types found in this study there are six presupposition, that is: (1) existential presupposition; (2) faktif presupposition; (3) lexical presupposition; (4) structural presuppositions; (5) non faktif presuppositions; (6) konterfaktual presupposition. Each type of presupposition has a form of different markers, that is: (1) the existential presupposition form of the marker presupposition is a words, a phrases and a sentences, (2) tha faktif presupposition form of marker presuppositions is a words and a phrases, (3) the lexical presupposition form of marker presupposition is a words, a phrases, and a sentences. (4) the non-faktif presupposition form of marker is a words, a phrases, and a sentences, (5) the

structural presupposition form of marker is a words and a sentences, (6) the konterfaktual presupposition form of marker is a clause.

**Keywords:** presupposition, novel Srikandi Edan Tenan

### A. PURWAKA

Basa minangka piranti kangege *komunikasi* wonten ing pagesangan, saged dipunginakaken kanthi lisan saha sinerat. Basa minangka sarana *komunikasi* ingkang sinerat gadhah wujud kadosta; *prosa*, cerkak, *dongeng*, saha *novel*. Panganggening basa minangka *komunikasi* sinerat kasusun dening tembung, *frasa*, *klausa*, saha ukara, lajeng dipunsusun dados setunggal *wacana* ingkang jangkep. Salah satunggaling *faktor eksternal* salah satunggalipun inggih menika *konteks* ing antawisipun ngemot *presuposisi*. *Presuposisi* inggih menika pandugi pamicara saderengipun ngasilaken tuturan.

Jinising *presuposisi* saged dipunpanggihaken wonten salebeting *komunikasi* sinerat kadosta *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD. *Novel* Srikandi Edan Tenan menika, kathah ngginakaken *presuposisi* wonten ing *narasi* saha pawicantenanipun. Jinis *presuposisi* menika ugi gadhah wujud titikan ingkang dados titikan saking jinis-jinis *presuposisi* wonten salebetipun *novel* Srikandi Edan Tenan. Awit saking menika, panaliti milih *subjek* panaliten *presuposisi* wonten salebetipun *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD. Wosing perkawis kados ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon jinisipun *presuposisi* wonten ing salebetipun

*novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD?

2. Kadospundi wujud titikanipun *presuposisi* wonten ing salebetipun *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD?

### B. GEGARAN TEORI

*Pragmatik* minangka perangan saking basa ingkang ngrembag bab teges basa ingkang njumbuhaken kaliyan satunggaling *konteks*. Leech (1993: 8) ngandharaken bilih *pragmatik* inggih menika ngelmu bab tegesing tembung gegayutanipun kaliyan kawontenan pirembagan (*speech situation*). *Presuposisi* minangka perangan saking *kajian pragmatik*. Miturut Yule (2006: 43) ngandharaken, *presuposisi* utawi *praanggapan* inggih menika bab ingkang dipunpandugi dening pamicara saderengipun ngasilaken tuturan. Pangertosan *presuposisi* ugi dipunandharaken dening Mulyono (2005: 14) ngandharaken, *presuposisi* inggih menika pandugi dhasar utawi dudutan dhasar ngengengi *konteks* saha kahanan basa ingkang ndamel wujud basa dados gadhah makna kangege ingkang mirengaken utawi pamaos. Pandugi mbiyantu pamicara nemtokaken wujud-wujud basa (ukara) kangege ngandharaken maksudipun makna.

Miturut George Yule (2006:46-47) *presuposisi pragmatik* kaperang dados 6 jinis inggih menika, 1)

*presuposisi eksistensial* inggih menika jinising *presuposisi* ingkang nedahaken wontenipun satunggaling bab utawi *keeksistensian* bab wonten ing *tuturan*. Titikanipun inggih menika *presuposisi* kaitik saking jejer ingkang nedahaken kawontenanipun satunggaling bab utawi *eksistensi*, sarta jejer saged arupi tembung saha *frasa*, utawi *presuposisinipun* saged ugi arupi ukara menika piyambak; 2) *presuposisi faktif* inggih menika jinising *presuposisi* saking *informasi* wonten sasampunipun tembung kriya ingkang dipundugi dados kasunyatan. Titikanipun inggih menika *informasi* ingkang kaandharaken sasampunipun tembung kriya dipundugi minangka satunggaling kasunyatan sarta ngemu tembung kriya ingkang jumbuh kaliyan kasunyatan.

Jinis *presuposisi* sanesipun miturut George Yule (2006:48-49) menika, 3) *presuposisi leksikal* inggih menika jinising *presuposisi* ingkang babagan panganggening wujud kaliyan *makna* ingkang kaandharaken kanthi umum saha dipuntafsiraken kaliyan *presuposisi* manawi satunggaling makna sanes (ingkang boten dipunadharaken) boten dipunmangertosi. Titikanipun inggih menika tembung, *frasa* saha ukara ngemu makna sinamun saha makna sanes ingkang boten kaandharaken wonten tuturan, sarta tembung ingkang ngemu makna sinamun kadosta: mandheg, wiwit saha malih; 4) *presuposisi struktural* inggih menika jinising *presuposisi* ingkang *informasi* saderengipun utawi sasampunipun tembung pitakenan utawi ukara pitakenan dipundugi dados

kasunyatan. Titikanipun inggih menika tembung pitakenan utawi ukara pitakenan sarta *struktur* wonten *data* kaliyan *struktur presuposisi* ewodene tembung pitakenanipun dipunciali gadhah makna ingkang utuh.

George Yule (2006:50-51) ngandharaken jinis *presuposisi* salajengipun inggih menika, 5) *presuposisi non-faktif* inggih menika jinising *presuposisi* ingkang dipundugi boten leres saha boten jumbuh kaliyan kasunyatanipun. Titikanipun inggih menika *informasi* sasampunipun tembung kriya dipundugi boten leres utawi boten jumbuh kaliyan kasunyatan, sarta tembung kriya ingkang dados titikan kadosta ngimpi, mbayangaken saha ethok-ethok; saha 6) *presuposisi konterfaktual* inggih menika jinising *preuposisi* ingkang ngandharaken bilih *klausa bersyarat* boten leres nalika tuturan kalawau dipuntuturaken utawi kuwalikanipun saking kasuyatanipun. Titikanipun inggih menika ngemu *klausa bersyarat* saha kadadosan saking kalih *klausa* utawi langkung.

Saben titikan *presuposisi* kalawau, gadhah wujud ingkang arupi tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara. Miturut Sasangka (2001: 34), tembung inggih menika reroncening swara ingkang kawedhar saking jroning tutuk ingkang ngemu teges saha kasumurupan surasanipun. Pamanggihipun Nurhayati (2006: 53), *frasa* inggih menika *satuan linguistik* ingkang arupi gabungan kalih tembung utawi langkung ingkang boten gadhah wasesa kadosta titikan wonten *klausa*. Titikanipun *klausa* inggih menika (1) wonten ing basa lisan saboten-

botenipun wonten wasesanipun; (2) wonten ing basa seratan saboten-botenipun kadadosan saking jejer saha wasesa; sarta (3) saged madeg dados ukara (Wibawa, 2004: 10). Ukara inggih menika *satuan* basa ingkang saged madeg piyambak, kadadosan saking rerangkening tetembungan ingkang katitik saking laguning pocapan saha kadadosan saking *klausa* (Nurhayati, 2006: 122).

### C. CARA PANALITEN

Panaliten menika ngginakaken jinis panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* dipunginakaken kange nggambaraken, ngandharaken, sarta mahyakaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun utawi kanthi *objektif*. Data panaliten arupi jinisipun *presuposisi* saha wujud titikanipun *presuposisi*.

Sumberipun *data* panaliten, inggih menika *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD. Dene cara pados *data* ingkang dipunginakaken salebeting panaliten inggih menika *teknik maos* saha *teknik nyathet*. Data panaliten ingkang sampun kapanggihaken, dipuncathet wonten ing *tabel analisis data*, kabiyantu *kartu data*, ingkang dados pirantining panaliten menika. Cara anggenipun nganalisis *data* ngginakaken *teknik deskriptif*.

Supados *data* ingkang dipunpanggihaken menika ajeg, mila panaliti migunakaken cara ngesahaken *data mawi validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas data* ngginakaken *uji validitas pragmatik (validitas kriteria)* saha *validitas konstruk (validitas interrater)*. Dene *reliabilitas* wonten

ing panaliten menika, kanthi cara *reliabilitas stabilitas*. Ancasing *reliabilitas stabilitas*, supados saged pikantuk *data* ingkang *valid* saha *absah* trep kaliyan wosing perkawis panaliten menika.

### D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Asiling panaliten menika ngandharaken, bilih *presuposisi* wonten salebetipun *novel* Srikandi Edan Tenan anggitanipun Soedharma KD, wonten enim jinis *presuposisi*. Jinisipun *presuposisi* kasebat, inggih menika *presuposisi eksistensial*, *presuposisi faktif*, *presuposisi leksikal*, *presuposisi struktural*, *presuposisi non faktif* sarta *presuposisi konterfaktual*. Saben jinis *presuposisi* gadhah wujud titikan arupi tembung, *frasa*, *klausa* saha ukara. Wujud titikan *presuposisi* menika dipunmangertosi saking titikan saben jinis *presuposisi*.

Ewa dene pirembaganipun inggih menika ngandharaken jinisipun *presuposisi* saha wujud titikanipun *presuposisi*, adhedhasar titikan-titikanipun. Jinis-jinis *presuposisi* menika, boten namung gadhah wujud titikan *presuposisi* satunggal kemawon. Wujud titikan *presuposisi* kasebat inggih menika, (1) *presuposisi eksistensial* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (2) *presuposisi faktif* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung saha *frasa*, (3) *presuposisi leksikal* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (4) *presuposisi non-faktif* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung, *frasa* saha ukara, (5)

*presuposisi struktural* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi tembung saha ukara, (6) *presuposisi konterfaktual* gadhah wujud titikan *presuposisi* arupi *klausa*.

#### E. DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ngengingi *presuposisi* wonten ing salebetung novel *Srikandi Edan Tenan*, kathah ngemu *presuposisi*. Jinisipun *presuposisi* wonten ing salebetung novel *Srikandi Edan Tenan*, wonten enim jinis inggih menika *presuposisi eksistensial*, *presuposisi faktif*, *presuposisi leksikal*, *presuposisi struktural*, *presuposisi non faktif* saha *presuposisi konterfaktual*. Saben jinis-jinis *presuposisi* wonten ing salebetung novel *Srikandi Edan Tenan*, gadhah sekawan wujud titikan *presuposisi* inggih menika tembung, *frasa*, ukara, saha *klausa*.

Ukara camboran saking panaliten menika, saged caos *kontribusi* kangge pamulangan, supados paraga *pendidikan* ingkang maos saged mangertos menapa kemawon jinisipun *presuposisi* saha wujud titikanipun *presuposisi pragmatik*. Panaliten menika ugi saged dados *wawasan* enggal babagan *presuposisi*, mliginipun jinis-jinisipun saha wujud titikanipun *presuposisi pragmatik*.

Adhedhasar asiling panaliten menika, dipunsebabaken sekedhiking bab ingkang dipunteliti, saengga taksih wonten bab sanesipun ingkang saged dipunkaji. Mliginipun kangge mahasiswa ingkang nyinau *linguistik* utawi babagan basa supados nindakaken kajian faktor ingkang nyebabaken paraga ngandharaken *presuposisi pragmatik* wonten ing salebetung novel *Srikandi Edan Tenan*.

#### KAPUSTAKAN

- Leech, Geoffrey (M.D.D. Oka) 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: Universitas Indonesia.
- Mulyana. 2008. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana
- Nurhayati, Endang saha Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa: Kajian Fonologi, Morfologi, Sintaksis dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Wibawa, Sutrisna. 1998. Sintaksis bahasa Jawa. *Diktat Kuliah*. Yogyakarta: FPBS IKIP.
- Yule, George (Terjemahan Indah Fajar Wahyuni dan Rombe Mustajab). 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.